

## Regleman 2.04 Enfòmasyon piblik

1. **Deklarasyon prensip.** Konsèy administrasyon an kwè nan prensip enfòmasyon piblik la ki baze sou konviksyon yo genyen ki kwè lekòl leta ki nan distri a se pou pèp la yo te kreye yo epi k ap sipòte yo ak lajan taks yo. Konfòmman ak egzijans legal sa yo. Konsèy administrasyon an ap fè tout efò posib li kapab pou toujou kenbe piblik la enfòm ak ankouraje patisipasyon piblik la nan pwogram ak objektif Konsèy administrasyon an. Pakonsekan, Konsèy administrasyon an chwazi adopte prensip pou enfòmasyon piblik la atravè efò Konsèy la, Sipèntandan an ak depatman Afè Piblik ap fè pou:
  - a. Kenbe sitwayen nan distri yo byen enfòm nòmalman ak regilyèman atravè chanèl kominikasyon ki disponib yo konsènan pwogram, nesosite ak objektif ansèyman leta a nan Distri lekòl la dapre dispozisyon § 1001.42 lalwa Eta Florid ak
  - b. envite ak ankouraje moun nan lokalite yo bay Distri lekòl la konsèy ak sijesyon tout tan yo kapab ak prensipalman dapre jan prensip lwa 1.03 rekòmande sa, nan odyans piblik ak tout lòt reyinyon regilye oswa espesyal ak rankont seminè ki ouvri pou tout moun Distri a ap fè dapre lwa Eta Solèy Florid la.
2. **Obligasyon pou enfòmasyon Depatman Afè Piblik.** Chak lekòl, depatman oswa komite konsiltatif yo responsab, nan lide pou fasilite diseminasyon enfòmasyon, pou fè Depatman Afè Piblik konnen kèlkeswa rekèt oswa demand enfòmasyon reprezantan medya yo fè pou jwenn enfòmasyon yo bezwen pibliye nan nouvel kòm enfòmasyon ki fè pati domèn espesyalite yo.
3. **Reyinyon ak avi enfòmasyon piblik yo.**
  - a. Dapre atik I § 24(b) ak § 286.011 lalwa Eta Florid, kèlkeswa reyinyon nenpòt branch ki fè pati Distri lekòl la ap fè oswa reyinyon kote yo gen pou kontrakte oubyen debat kesyon enterè piblik yo dwe fèt an piblik ak disponib pou medya ak tout laprès jwenn enfòmasyon sou sa, eksepte reyinyon, miting oswa odyans lalwa oswa konstitisyon peyi a egzije pou fèt an sikui fèmen dapre jan tribinal yo ak Minis jistis Eta Florid la tabli sa.
  - b. Anplis avi enfòmasyon Distri a dwe distribiye bay piblik la konsènan reyinyon oswa miting ak odyans l ap fè dapre lwa eta a oswa lwa sou prensip administratif yo, nenpòt anplwaye ki anchaj pwogram reyinyon sa yo responsab ak dwe fè sèten Depatman Afè Piblik ansanm ak wèbmastè afè piblik la resevwa enfòmasyon sou chak grenn reyinyon oswa odyans k ap fèt pou li kab afiche yo nan sit entènèt depatman Afè Piblik la ki nan: [www.palmbeachschools.org/Board%20Mtg-Workshops.htm](http://www.palmbeachschools.org/Board%20Mtg-Workshops.htm).
4. **Responsabilite relasyon ak medya yo.**
  - a. Nan lekòl yo. – Nan kad egzijans prensip 2.041 Konsèy administrasyon Distri lekòl la te adopte konsènan demand enfòmasyon piblik k ap fèt yo, se direktè/tris lekòl yo ki prensipal responsab pou reponn nenpòt kesyon medya laprès ap mande sou lekòl yo a an patikilye ak ankouraje laprès pou vin fè repòtaj nan lekòl yo a lè gen yon evènman k ap fèt lekòl la. Depatman Afè Piblik Distri a se yon resous yo kab itilize nan domèn sa a si nesèsè.
  - b. Nan Distri a. – Nan domèn enfòmasyon piblik, administratè distri yo gen menm kalite responsabilite a tou nan chan sipèvizyon yo menm jan ak direktè/tris ki gen lekòl y ap dirije yo. Nan kòmansman chak nouvel ane eskolè, tout administratè yo dwe bay anplwaye ki sou lòd yo espikasyon sou jan pou yo koresponn ak trete demand medya yo ap fè lekòl yo dapre jan sa rekòmande pou fèt nan kad lwa ak prensip sa a.
5. **Pou mande kouvèti medyatik.** – Lekòl yo gen dwa mande medya yo pou vin fè repòtaj kote yo ye a nan kad yon seri aktivite yo panse ki merite kouvèti medyatik. Lekòl yo gen dwa mande sa pou kont yo oswa fè Depatman Afè Piblik mande sa pou yo. Si yo voye enfòmasyon an bay laprès dirèkteman, yo dwe fè Depatman Afè Piblik konnen sa tou.
6. **Pou reponn medya yo.** – Nan lide pou rann kominikasyon entèn ak ekstèn fèt pi fasil, administratè lekòl yo dwe reponn kesyon jounalis ap poze yo, dapre rekòmandasyon prensip 2.041 an, an tout franchiz epi enfòmasyon depatman afè piblik la sous demand yo, eksepte kesyon woutin yo. N ap raple administratè yo pou evite divilge enfòmasyon ki gen ekzanpsyon divilgasyon sou yo oswa ki klase kòm enfòmasyon konfidansyèl.
  - a. Direktè (tris) lekòl yo. – Direktè oswa Direktris lekòl yo dwe rapòte (nan imèl, faks oswa telefòn), non tout kontak medya yo genyen yo bay depatman afè piblik oswa

sipèentandan rejyonal apwopriye yo a. Depatman Afè Piblik ap gen pou rann enfòmasyon sa disponib pou biwo Sipèentandan an.

- b. Administratè distri yo. – Administratè distri yo dwe rapòte (nan imèl, faks oswa telefòn), non tout kontak medya yo genyen yo bay depatman afè piblik ak swa Direktè/tris Akademik Anchèf la, swa Direktè/tris Jeneral Anchèf la. Depatman Afè Piblik li menm ap gen pou enfòm biwo Sipèentandan an sou sa.
7. **Pou rapòte ensidan grav yo.** – Nan ka yon ensidan grav ki ta kab lakoz Distri a oswa lòt manb medya enterese konnen sa k pase a (paegzanp, dezòd elèv ap fè, agresyon grav ki fèt sou lòt elèv oswa sou lòt moun k ap travay lekòl la, aksidan bis lekòl la oswa dife ki pran nan lekòl), youn nan responsab oswa administratè lekòl yo dwe enfòm imedyatman Direktè enfòmasyon piblik Anchèf la oubyen delege li, ansanm ak sipèentandan rejyonal apwopriye a oswa Direktè/tris Akademik Anchèf la, swa Direktè/tris Jeneral Anchèf la. Si nesèsè, administratè lekòl la gen dwa kontakte youn nan biwo sa yo pou mande biwo li kontakte a pase mesaj la bay de lòt moun sa yo.
8. **Pou mande èd nan Depatman Afè Piblik la.** – An general, administratè lekòl yo ta dwe reponn dirèkteman demand medya yo, dapre regleman oswa prensip 2.041 an, sou kesyon ki gen rapò dirèk ak domèn responsabilite yo. Men, si gen jounalis ki vin nan yon lekòl pou fè yon repòtaj sou yon sitiyasyon, epi si direktè/tris lekòl la ta bezwen èd pou ede li koresponn ak medya a pandan l ap eseye rezoud sitiyasyon sa a, direktè/tris la ta dwe mande Depatman Afè Piblik la Asistans sou sa, yon fason pou kab fè aranjman pou Direktè Anchèf enfòmasyon piblik la oswa delege li kab vini lekòl la pou ede direktè/tris la.
9. **Pou vizite lakou oswa kanpis lekòl yo.** – Pou pwoteje sekirite elèv yo, direktè/tris ak anplwaye lekòl yo ta dwe konnen ki moun k ap vin vizite lekòl la ak ki rezon vizit sa yo k ap fèt la. Kèlkeswa moun ki bezwen vin vizite yon lekòl, menm si se jounalis oswa reprezantan medya yo, dwe oblije mande direktè/tris lekòl la pèmision oswa otorizasyon pou fè sa, swa nan telefòn oubyen pèsònèlman, epi yo dwe pase nan direksyon lekòl la avan yo pran kontak ak kèlkeswa elèv la, anplwaye a oswa volontè ki nan lekòl la.
  - a. Direktè/tris la gen dwa deside akòde oswa refize bay otorizasyon oubyen pèmision pou yon moun vini lekòl la oswa rete sou pwopriete lekòl la, dapre otorite oswa pouwa lalwa bay direktè/tris yo pou sipèvize, kontwole ak dirije tout sa k ap fèt lekòl yo ak sou pwopriete lekòl yo dapre atik lwa § 1001.32(4) Eta Florid la ak regleman prensip 1.014 Konsèy administrasyon an.
  - b. Direktè/tris lekòl la oswa anplwaye lekòl li delege pou sa dwe akonpaye reprezantan medya oswa lòt kalite vizitè yo nan klas oswa nan zòn ki nan lakou lekòl yo vle ale a.
  - c. Pou kapab ede piblik la rete enfòm, direktè/tris ap kolabore ak tout rekèt oswa demand rezonab laprès ap fè yo. Men, rekèt oswa demand vizit medya laprès yo fè yo gen dwa pa apwouve tou si direktè/tris lekòl la oswa reprezantan li gen bon rezon valab ki fè li kwè sa kab entewonp bòn mach ak bon fonksyonman lekòl la oswa si sa pa yon rezon valab pou entewonp elèv yo aprann ak lòt aktivite k ap fèt lekòl la.
  - d. Anplis, nenpòt moun ki pa fè pati oswa ki pa sou lobedyans lekòl la ki ta komèt yon zak pou twouble lekòl a oswa pou entewonp bòn mach fonksyonman oswa aktivite lekòl la dwe jije kòm koupab yon krim deli minè dezyèm degre dapre jan lalwa § 1006.145 Eta Florid tabli sa. Direktè/tris oswa reprezantan lekòl la gen dwa mande konkou lapolis pou fè arete oswa degèpi moun sa a oswa moun sa yo sou lakou lekòl la oswa nan aktivite lekòl la ap fè yo.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41(1),(2); 1001.42(25); 1001.43(5); 1006.145

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 286.011; 1001.41(1); 1001.42(17); 1001.43(5); 1006.145; 1012.28(2)-(5) & 8

DOSYE ISTORIK: 12/06/74; 02/06/76; 21/07/82; 14/10/2002; 06/05/2009

